Rapò Obligatwa sou Abi Timoun: Yon Tablo sou Sekans Aksyon pou Defansè yo ki finanse grasa OWV

Zouti sou Konfidansyalite Minè yo

Èske ou se yon "Rapòtè obligatwa"?
Revize lwa ou pou detèmine ki moun ki dwe rapòte Abi Timoun nan jiridiksyon ou. Pote atansyon sou kondisyon patikilye yo. Asire ou ke ou enfòme sivivan an okòmansman an - anvan yo fè nenpòt divilgasyon - si ou se yon Rapòtè obligatwa.

NON → **KANPE**

WI ↓

Èske ou dwe rapòte abi sivivan an?
Èske sivivan an se yon minè sou ki moun yo dwe rapòte abi? Pa egzanp, yon minè pa ta ka sijè a lwa obligatwa yo sou rapòtaj abi timoun si minè a emansipe, nan militè a, oswa se yon paran.

NON → **Ou pa ka rapòte abi a oswa otreman vyole konfidansyalite yon sivivan san konsantman enfòme alekri yo.**

WI ↓

Èske sivivan an te eksperyanse "abi timoun" jan lwa ou defini li?

NON → **Ou pa ka rapòte abi a oswa otreman vyole konfidansyalite yon sivivan san konsantman enfòme alekri yo.**

WI ↓

Èske ou egzante nan rapòte ka sa a?
Pa egzanp, èske divilgasyon an pwoteje dapre yon relasyon defansè-viktim, terapis-pasyan, avoka-kliyan, oswa lòt privilèj ki entèdi divilgasyon san konsantman sivivan?

WI → **Ou pa ka rapòte abi a oswa otreman vyole konfidansyalite yon sivivan san konsantman enfòme alekri yo.**

NON ↓

Rapòtaj Obligatwa
Prezante rapò a bay ajans apwopriye a. Si gen yon chwa ant ajans yo, diskite opsyon yo avèk sivivan an. Asire byen ke ou rapòte sèlman sa ki nesesè, epi ke ou ap konfòme avèk VAWA oswa kondisyon konfidansyalite lòt finansye yo. Ou ka rapòte sèlman enfòmasyon ki obligatwa dapre lwa Obligatwa yo sou rapòtaj sof si sivivan an bay konsantman enfòme, alekri, pou ou divilge plis enfòmasyon. Sonje byen pou planifye pou sekirite sivivan an epi ofri li sipò kontinyèl!

VICTIM RIGHTS LAW CENTER

© 2018 Victim Rights Law Center (Sant Dwa Viktim yo). Pwojè sa a te posib grasa nimewo sibvansyon 2015-TA-AX-KO25 ki soti nan menm Biwo Vyolans sou Fanm yo, Depatman Lajistis Etazini a. Opinyon, prèv, ak konklizyon yo eksprime se sa yo ki soti nan men otè a (yo) epi yo pa nesesèman reprezante opinyon yo nan Depatman Lajistis Etazini a.